



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA YO NAN ONEONTA

### *Sis Pwogram Pral Kòmanse Ap Prèske 275,000 Dola nan Finansman Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sis pwojè y ap finanse nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Oneonta. Pwojè sa yo se yon rezilta dirèk ESPRI an, ki se inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji ki onivo lokal yo pou redwi povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout moun New York yo.

“Finansman eta sa a atravè Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, nou pral bay kominote Oneonta a mwayen pou yo ka konekte rezidan yo ak opòtinite ki pral ede mete yo sou yon wout pou yo soti nan povrete epi ale nan endepandans ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen aplodi Oneonta paske li travay pou pote chanjman konsekans nan lavi anpil rezidan Mohawk Valley epi mwen enpasyon pou m wè rezilta pwojè vital sa yo.”

“Nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State nou an, nou ap bay finansman pou kominote yo ki toupatou nan eta a pou abòde pwoblèm pwovrete ki enpòtan anpil yo ki kontinye afekte lavi anpil moun New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle asire ke nou bay moun k ap viv nan povrete yo opòtinite ak resous yo bezwen pou ede yo mennen yon lavi ki pi estab. Envestisman sa nan pwogramm rediksyon povrete yo nan Oneonta yo pral bay opòtinite ekonomik ki ogmante pou abitan yo epi ede pi plis efò nou ap fè yo pou devlope rejyon Mohawk Valley lan.”

Byen rapid apre ke Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan an 2016, Albany, Binghamton, Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester nan devlope fòs entèkansyon lokal yo pou kapab sipèvizè efò lokal yo epi administre finansman eta yo.

Inisyelman, fòs entèkansyon sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo nesosite yo epi devlope rekòmandasyon pou envestisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, fòs entèkansyon yo ap kòmanse mete sou pye plan rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI an.

Sis pwogram ke yo te apwouve pou jwenn finansman nan Oneonta yo se:

- **Communication Across Barriers (Kominikasyon Atravè Baryè), 71,000 dola** - Plizyè navigatè kominote ap resevwa fòmasyon epi y ap fè yo koresponn ak fanmi ki gen fèb revni pou ede yo devlope pwòp resous pa yo, aplike pou benefis, prepare pou anplwa epi ede pitit yo ak devwa eskolè. Objektif la se pou pote estabilite, redwi posiblite sanzabri epi chache asistans nan kad sèvis sante mantal ak emosyonèl.
- **Opportunities for Otsego (Opòtinite pou Otsego), 51,000 dola** - Yo pral anplwaye yon direktè lojman pou ede jwenn sibvansyon pou lojman pou kowòdone efò amelyorasyon lojman pou revni ba nan Oneonta. Nouvo pozisyon sa a pral ede ofri kontwòl sou pwogram sa yo epi pral enkli travay ak kominote a pou reponn a bezwen lojman lokal yo epi jwenn finansman pou pwojè sa enkli achte, vann, reyabilite ak lwe.
- **Chenango Delaware Otsego Workforce (Mendèv Chenango Delaware Otsego), 22,000 dola**- Yon pwogram pou devlopman mendèv pral sèvi jenn moun, ki aje ant 18 ak 24 lane, ki pa ale lekòl epi ki san travay nan distri lekòl Oneonta (Oneonta school district). Yo pral ofri tou sèvis sipò amelyore tankou gadri epi transpò.
- **Oneonta School District (Distri Lekòl Oneonta), 22,000 dola** - Finansman an pral sipòte plasman de travayè sosyal Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services) nan Konte Otsego nan twa lekòl elemantè nan Distri Lekòl Vil Oneonta. Travayè sosyal sa yo pral travay ak fanmi ki gen revni fèb ki ap lite ak pwoblèm sante mantal ak depandan, menm jan ak timoun ki an danje ki baze sou faktè tankou sanzabri, ensekirite alimantè ak lòt kondisyon yo idantifye.
- **Family Planning of South Central New York (Planifye Fanmi nan zòn Sid nan New York Santral), 8,000 dola** - Pwogram Konte Adolèsan pral aprann tifi konpetans yo pral bezwen pou yo pran desizyon sen ak evite konpòtman danje. Pwogram lan balanse leson anndan klas, vwayaj andeyò sit ak vizit nan kominote, ak pwojè atistik ak atizanal. Yo konsevwa chak aktivite pou ankouraje kominikasyon, devlope konfyans nan tèt ou ak pwomouvwa konpòtman sen pami tifi.
- **Otsego County Drug Court (Tribinal Dwòg Konte Otsego), 100,000 dola** - Yo pral bay sibvansyon pou ajans lokal a-bi- non-likratif yo ki patisipe nan Tribinal Dwòg Konte Otsego pou elaji jesyon ka, amelyore materyèl fòmasyon ak elaji opòtinite pou lojman pou depandan ki sou wout gerizon.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, “Baryè pou simonte povrete yo inik pou chak kominote epi yon konsevwa apwòch yo jenere onivo lokal sa yo pou reponn a bezwen chak kominote yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te devlope yon modèl k ap responsabilize lidè lokal yo pou yo reponn a koz fondamantal povrete yo nan fason ki pi efikas la”.**

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** “Gouvènè Cuomo rekonèt ke pou kominote yo pwospere, nou dwe bay rezidan ki gen mwens chans yo resous ki pou ede yo. ESPRI bay yon bourad a sila yo ki ap soufri anba men povrete yo, ki an retou ap ranfòse lyen kominotè yo, bay rezidan yo yon sans fyète, epi ankouraje kwasans alafwa anndan ak an deyò chak lokalite. Sa yo se gran pwogram ki pral ede pote yon kad ekonomik ekitab pou nou tout ka pwospere”.

**Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare,** “ESPRI kontinye efò reyisi Gouvènè Cuomo ap fè pou l takle koz fondamantal povrete yo ak inegalite revni yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize Nouyòkè ki gen revni fèb yo pou yo konsewa estrateji pou retire baryè ki anpeche yo atenn mobilite ekonomik ak sosyal yo. Sa a se yon moman pou grand kontantman paske sitwayen Oneonta yo ap travay ansanm pou yo jwenn rezilta tanjib. Pwojè inik pou chanje sistèm lan yo te lanse jodi a yo se bèl egzanp ki montre travay k ap fèt atravè eta a yo nan toule 16 lokalite ESPRI a yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal Oneonta lan ap fè yo epi nou paka tann pou n wè enpak ke efò sa a pral genyen sou lavi fanmi Oneonta lan yo”.

**Senatè James L. Seward te deklare,** “Ede endividi jwenn travay, amelyore lojman pou revni ba, epi amelyore sèvis edikasyon pou endividi ki nan bezwen tout se aktivite ki ka chanje lavi. Finansman sa a nou te apwouve a kòm yon pati nan bidjè eta a pral sipòte gwoup kle nan kominote a pandan y ap devlope sèvis yo, atenn plis moun, epi satisfè bezwen yo idantifye lokalman. Lavi endividi yo pral amelyore epi kominote Oneonta a an jeneral pral benefisye”.

**Manm Asanble William Magee te deklare,** “Finansman nan men Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la pral rete vital nan ede fanmi nan Oneonta pou you pwogrese epi rezoud sityasyon difisil ak prèske enposib lè yo ba yo sipò ak aksè a opòtinite yo bezwen pou yo reyisi nan lavi”.

**Gary Herzig, ki se Majistra Oneonta, te deklare,** “Sipò Gouvènè Cuomo pou Inisyativ Rediksyon Povrete nan Oneonta pral ede nou aplike yon estrateji pwo-aktif pou ede fanmi ak timoun nou yo nan kase chenn povrete a. Nan patenarya ak Community Action (Aksyon Kominote), Distri Lekòl Oneonta, Tribinal Dwòg Konte a, Devlopman Mendèv (Workforce Development), ak Family Planning, nou konstwi yon vrè plan pou nou pote estabilite bay fanmi ki nan povrete. Mwen remèsye Gouvènè a pou sipò li bay plan ki devlope lokalman pou redwi povrete ak ogmante opòtinite pou anpil fanmi nan Oneonta”.

**Dan Maskin, Prezidan Direktè Jeneral nan Opportunities for Otsego, ki kontwòle sibvansyon ESPRI, te deklare,** “Povrete nan kominote riral yo se yon pwoblèm konplèks ki ekzije yon apwòch milti-disiplinè pou ranfòse lavi moun ki afekte yo. Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la nan Vil Oneonta te kreye yon ekip travay ki konpoze ak lidè nan kominote a pou devlope estrateji pou timoun ak fanmi yo nan Distri Lekòl nan vil Oneonta kote povrete afekte yo nan kominote nou an”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè a, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Biwo pou Renouvèlman Kay

ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York la (New York State Grants and Reform Team), te òganize plizyè sesyon ekout atravè eta a ane pase, pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè a, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal la ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)